

Chanjman Non ak Sèks pou Kliyan Transjan ak pou kliyan Non-binè: Keson Moun Poze Souvan (KPS)

1. Ki opsyon ki disponib pou Deziyasyon Sèks?

Kliyan Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn (Department of Social Services/Human Resources Administration, DSS/HRA) ka mande yon deziyasyon sèks F (Fi), G (Gason), oswa X (Pa ni Gason ni Fi).

Kisa opsyon “X” la vle di pou deziyasyon sèks? Anpil moun idantifye yo antanke mal oswa femèl, gason oswa fi (sa yo se sa nou rele pafwa opsyon sèks “binè”). Men, gen sèten moun ki pa idantifye tèt yo ni antanke gason ni antanke fi. Sa ka konsène moun ki idantifye tèt yo antanke “non-binè” (sa vle di yo pa ni gason ni fi) ansanm ak moun ki idantifye tèt yo antanke “entèsèks.”

- Sèks “non-binè” vle di yon idantite seksyèl ki pa ni gason ni fi.
- “Entèsèks” vle di yon pakèt kalite kondisyon kote yon moun gen karakteristik byolojik ki pa pou ni gason ni fanm anjeneral. Remak: Se pa tout moun ki entèsèks ki idantifye tèt yo antanke “non-binè.”

Limit sistèm konpitè yo pou deziyasyon Sèks X: Eta New York kontwole anpil nan sistèm konpitè HRA itilize pou jere avantaj yo, epi yo poko mete sistèm konpitè yo ajou pou mete deziyasyon “X” nan yo. Annatandan, kliyan ki gen deziyasyon yo antanke “X” ap gen pou yo chwazi swa “Gason” oswa “Fi” pou enskripsyon nan pwogram avantaj ak pou reponn a nenpòt bezwen ou ka genyen nan moman an, menm si ou pa dakò avèk chwa sa a. Si ou deside pa chwazi “Gason” oswa “Fi”, HRA p ap kapab travay sou aplikasyon ou an. Ou dwe tcheke ti kare ki sou fòm “Demann pou Chanje Sèks vin “X” nan Dosye Administrasyon Resous Imèn” (**HRA-138c**) ki koresponn ak desizyon ou an.

2. Èske sèks mwen chwazi a gen enpòtans?

Gen sèten sèvis, tankou sa yo ki gen rapò avèk swen sante ak gwosès, ki gen restriksyon selon sèks la. Pifò diferans nan pwoteksyon asirans, tankou pwosedi Medicaid yo, ka rezoud ak itilizasyon yon kòd “G” (al gade nan paj 2).

Alokasyon pou Gwosès. Règleman ki la kounye a otorize yon alokasyon espesyal pou moun ki ansent, avèk sèten restriksyon. Sistèm konpitè Eta yo fè alokasyon pou gwosès yo rete sèlman nan moun ki gen yon deziyasyon sèks “F”. Pou nenpòt moun ki gendwa ap chèche yon alokasyon pou gwosès, si yo chwazi yon deziyasyon “F”, sa gendwa yon pi bon opsyon bakòp pou sèks. Moun ki gen yon deziyasyon “M” ta dwe kontakte biwo HRA kote pa yo pou mande yon alokasyon pou gwosès.

3. Sèten fòm HRA pale de yon kòd “Restriksyon/Eksepsyon” oswa “G” — kisa kòd sa a ye epi poukisa li enpòtan?

“Restriksyon/Eksepsyon” an oswa “G” a se yon kòd yo itilize nan sistèm konpitè Eta a pou anpeche limit sou peman pou sèvis sante ki nesesè epi ki garanti nòmalman. Yo itilize kòd sa a pou gason ak fanm transjan, epi yo ka itilize li tou pou kliyan ki gen deziyasyon “X.” Si ou mande yon chanjman sèks, yo pral aplike yon kòd “Restriksyon/Eksepsyon” sou dosye ou. Ou ka mande kòd sa a tou menmsi ou pa chanje sèks ou avèk fòm **HRA-138, Demann pou Chanje Non ak/oswa Sèks nan Dosye Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA).**

Plan asirans yo tankou Medicaid mete restriksyon sou sèten sèvis selon sèks binè a. Toudepan ki makè sèks ou gen nan sistèm Eta a, gen sèten sèvis ki gendwa pa garanti. Pa egzanp, yo ta ka pa garanti otomatikman yon egzamen pwostat pou yon fanm transjan oswa moun ki non-binè, osnon yon vizit kay jinekòlòg gendwa pa garanti otomatikman pou yon gason transjan oswa yon moun non-binè. Poutèt sa, pou evite pwoblèm bòdwo, yo ka antre yon kòd Restriksyon/Eksepsyon nan sistèm faktirasyon Medicaid Eta a, eMedNY. Kòd “G1” an se pou fanm transjan, epi kòd “G2” a se pou gason transjan.

Kliyan ki gen deziyasyon “X” yo. Yo ka aplike kòd G1 ak G2 tou pou deziyasyon Sèks X. Si ou gen yon deziyasyon sèks X, ou pral gen pou chwazi toudabò yon opsyon sèks binè pou Eta a ak pou egzijans rapò federal. Si ou chwazi “F”, yo ka ba ou yon kòd G1, epi si ou chwazi Gason, yo ka ba ou yon kòd G2. Kòd sa a ap asire sèks ou pa mete limit sou peman pou sèvis sante ki nesesè epi ki garanti nòmalman.

TANPRI KONNEN: Kòd sa a ap vizib pou nenpòt founisè swen sante ki aksepte Medicaid. Si ou pa vle pou yo aplike kòd la nan dosye ou an, tanpri endike sa lè w ap mande chanjman sèks. Men, sa kapab afekte sèvis ou yo.

4. Kijan pou mwen chanje sèks mwen nan dosye HRA yo?

Pou chanje deziyasyon sèks ou vin “X”, ou dwe soumèt tout demann avèk yon fòm **HRA-138c** ki ranpli.

Tout lòt moun ki aplike pou chanje sèks yo dwe ranpli epi soumèt fòm **HRA-138, Demann pou Chanje Non ak/oswa Sèks nan Dosye Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA).**

Anplisdesa, ou dwe soumèt bay HRA **youn** nan dokiman sa yo:

- yon Lisans Chofè Eta New York oswa ID ki pa Lisans chofè ki endike sèks ou ki korije oswa ki chanje,
- yon paspò oswa yon batistè ki endike sèks ou ki korije oswa ki chanje.

4. Kijan pou mwen chanje sèks mwen nan dosye HRA yo? (swit)

- lèt ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal ki konfime sèks ou, oswa
- yon deklarasyon ki siyen ak date ki soti nan men yon doktè ki gen lisans, enfimye/enfimyè pratisyen, oswa asistan doktè ki te trete ou oswa ki te egzamine istwa medikal ou anrapò ak sèks ou. Deklarasyon an dwe gen ladan mo ki endike ou te sibi “tretman klinik apwopriye” pou yon moun ki gen dyagnostik disfori jan.

Depi nou gen dokiman obligatwa yo, n ap fè mizajou sèks ou nan Sistèm Jesyon Asistans Sosyal la (Welfare Management System, WMS), ki se yon sistèm Eta a ke yo itilize pou swiv enfòmasyon sou dosye ak avantaj kliyan HRA yo.

TANPRI KONNEN: Si ou jwenn swen sante pa mwayen New York State of Health, (ke yo rele tou NYS Health Care Exchange oswa Marketplace) w ap oblije chanje sèks ou la tou. Sa se yon pwosesis apa. Gade nan seksyon 5 anba pou jwenn plis enfòmasyon.

5. Kijan pou mwen chanje non mwen nan dosye HRA yo?

Ou dwe pote **youn** nan dokiman sa yo:

- yon Lòd Tribinal ki endike nouvo non ou;
- yon Lisans Chofè Eta New York oswa ID ki pa Lisans chofè ki endike nouvo non ou;
- yon paspò oswa batistè ki endike nouvo non ou;
- yon lèt ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal ki endike nouvo non ou.

W ap gen pou ou ranpli tou fòm **HRA-138, Demann pou Chanje Non ak/oswa Sèks nan Dosye Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA)**. Nou rekòmande pou chanje non ou nan Administrasyon Sekirite Sosyal *anvan* ou fè li nan HRA, paske si gen enfòmasyon ki depaman ant de (2) ajans yo, sa kapab lakòz yon entèripsyon nan sèvis ou yo. Depi nou gen dokiman obligatwa yo, n ap fè mizajou non legal ou nan Sistèm Jesyon Asistans Sosyal la (Welfare Management System, WMS), ki se yon sistèm Eta a ke yo itilize pou swiv enfòmasyon sou dosye ak avantaj kliyan HRA yo.

TANPRI KONNEN: Si ou jwenn swen sante grasa New York State of Health, (ke yo rele tou NYS Health Care Exchange oswa Marketplace) w ap oblije chanje non ou avèk yo. Sa se yon pwosesis apa. Gade nan seksyon 6 ki sou pwochen paj la pou jwenn plis enfòmasyon.

6. Kijan pou mwen chanje non mwen ak/oswa sèks mwen nan plan asirans New York State of Health (ke yo rele tou NYS Health Care Exchange oswa Marketplace)?

HRA pa gen aksè nan sistèm konpitè ke yo itilize pou jere plan sante yo nan echanj New York State of Health (“NYSoH”). Kidonk, si ou gen yon plan nan NYSoH, w ap oblije kontakte NYSoH dirèkteman. Ou ka itilize menm dokiman yo ki endike anwo a pou chanje non oswa sèks ak plan asirans NYSoH ou. New York State of Health ap aplike kòd Restriksyon/Eksepsyon tou pou dosye ou an. Ou ka mande chanjman sa yo nan youn nan twa (3) fason ki dekri anba la a:



Sèvi ak kont sou entènèt ou pou transfere dokiman obligatwa a oumenm;



Fakse dokiman obligatwa a nan Sèvis Kliyan New York State of Health nan 855-387-1363; oswa



Poste dokiman an nan:

New York State of Health
PO Box 11726
Albany, NY 12211

Tanpri ajoute yon nòt ki eksplike w ap chanje non ak/oswa sèks.

6a. Èske mwen ka chanje deziyasyon sèks mwen vin “X” nan NYSoH la?

Pou lemoman, NYSoH gendwa pa kapab travay sou demann pou deziyasyon “X” jiskaske Eta New York fè mizajou nan sistèm konpitè li yo.

7. Konbyen tan sa ap pran pou HRA travay sou demann mwen an?

HRA fè tout efò pou fin travay sou kalite demann sa yo nan 14 jou oplita. Tan New York State of Health pran pou travay sou demann yo ka varye.

8. Kijan pou mwen jwenn yon nouvo kat avantaj HRA?

Gen yon nouvo Kat Idantifikasyon Avantaj Komen (Common Benefit Identification Card, CBIC) ki kreye chak fwa enfòmasyon jeneral yo chanje, tankou non oswa sèks. Men, depi 1ye me 2015, kat avantaj yo pa endike sèks moun ki gen kat la ankò. Y ap bay tout nouvo kat yo san yo pa gen yon sèks sou yo.

8. Kijan pou mwen jwenn yon nouvo kat avantaj HRA? (swit)

Si ou bezwen mande yon nouvo kat pou nenpòt ki rezon, tanpri rele Liy enfòmasyon HRA a nan 718-557-1399, mande youn sou entènèt nan www.nyc.gov/311; pou fè sa, chèche “cbic” oswa ale nan youn nan kote yo ki endike anba a:

BIWO CBIC YO	
Manhattan: 109 East 16th Street - Etaj ki bay sou lari	Brooklyn: 227 Schermerhorn Street - Etaj ki bay sou lari
Sant CBIC yo louvri lendi jiska vandredi ant 8:30 a.m. ak 7:15 p.m. (anwetan jou ferye)	

9. Èske yo pral kenbe enfòmasyon mwen konfidansyèl?

Tout manm pèsonèl HRA yo oblije respekte zafè prive moun y ap bay sèvis yo. Yo dwe trete kòm enfòmasyon konfidansyèl sityasyon transjan oswa entèsèks ansanm ak enfòmasyon sou anatomi oswa istwa medikal yon moun. Nenpòt dokiman medikal ki soumèt pou chanjman sèks oswa pou kòd Restriksyon/Eksepsyon ap rete sekre, y ap rete nan limit pèsonèl ki deziyen yo sèlman epi y ap kominike yo sèlman nan limit ki nesesè pou bay sèvis yo. **Men, tanpri konnen kòd restriksyon/eksepsyon yo ap vizib pou founisè medikal yo ak famasyon yo ki itilize sistèm faktirasyon Eta a.**

10. Èske Medicaid garanti operasyon ki gen rapò ak sèks pou moun ki transjan ak moun ki non-binè?

Wi. Depi 11 mas 2015, Medicaid Eta New York ak plan Swen Kontwole Medicaid yo garanti tretman òmòn ak sèten lòt pwosedi ki nesesè medikalman pou afime sèks, ansanm ak anpil operasyon chirijikal. Ou ka jwenn lis konplè pwosedi ki garanti yo ansanm ak plis enfòmasyon sou egzijans pou pwoteksyon asirans yo si ou ale sou <http://www.health.ny.gov/> oswa <http://www1.nyc.gov/>. Si yon founisè Medicaid refize ba ou sèvis oswa ou gen kesyon sou pwosedi medikal yo ki garanti nan Medicaid, tanpri kontakte Liy Dirèk Medicaid Depatman Sante Eta New York la nan 800-541-2831.

11. Kiyès mwen ka kontakte pou jwenn plis enfòmasyon?

- Biwo DSS pou Afè Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Moun an Kesyonman, ak Entèsèks (Lesbian, Gay, Bisexual, Transgender, Questioning, and Intersex, LGBTQI) nan lgbtqi@DSS.nyc.gov pou kesyon sou piblikasyon sa a oswa sou lòt règleman HRA ki afekte moun LGBTQI yo.

11. Kiyès mwen ka kontakte pou jwenn plis enfòmasyon? (swit)

- Plan Swen Kontwole Medicaid ou pou kesyon konsènan kisa ki garanti, fason pou ou mande pwoteksyon asirans, ak fason pou ou konteste refi pwoteksyon asirans. Si ou pa konnen enfòmasyon plan ou an, tanpri kontakte Sèvis asistans nan telefòn New York State of Health oswa Sèvis asistans nan telefòn Medicaid, anba a.
- Sèvis asistans nan telefòn New York State of Health pou jwenn plis enfòmasyon sou chanjman non oswa sèks nan plan sante NYSoH Exchange jere yo. Tanpri rele nan 855-355-5777 oswa 800-662-1220 pou TTY.
- Sèvis asistans nan telefòn Medicaid Eta New York nan 800-541-2831 pou kesyon sou swen sante transjan nan Medicaid Eta New York.
- Liy Enfòmasyon HRA a nan 718-557-1399 pou enfòmasyon jeneral sou dosye ou oswa pou mande yon nouvo kat CBIC. Ou ka voye yon imèl tou bay constituentaffairs@dss.nyc.gov, oswa kontakte 311.

12. Kiyès mwen dwe kontakte si mwen gen yon pwoblèm oswa mwen krenn sistèm konpitè Eta a pa vle rekonèt dwa legal mwen gen pou yo pa fòse m pran yon deziyasyon ki pa koresponn ak idantite mwen pou mwen ka resevwa avantaj yo?

- Ou gendwa kapab kontakte Biwo Eta New York pou Èd Tanporè ak pou Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pou Chans Egalego ak Divèsite (Equal Opportunity and Diversity, EOD) nan:



Telefòn: 518-473-8555



imèl nan: clientcomplaints@otda.ny.gov



Poste dokiman bay:

State of New York Office of Temporary and Disability Assistance
Equal Opportunity and Diversity
40 North Pearl Street – 13A
Albany, NY 11243

- Ou ka kontakte tou Biwo DSS pou Afè Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Moun an Kesyonman, ak Entèsèks LGBTQI) nan lgbtqi@dss.nyc.gov pou jwenn enfòmasyon sou fason pou konteste restriksyon konpitè Eta a sou Sèks X.